



KEPEK GUMBREGAH

කිවිකූළාභාරාමය



Tri Atmaji-Sulasto

KEPEK GUMBREGAH

ꦏꦼꦥꦏ꧀ꦒꦸꦩꦧꦫꦒꦲ


Gunungkidul
Handayani

KEPEK GUMREGAH

Tri Atmaji-Sulasto



KEPEK GUMBREGAH

Penulis : Tri Atmaji - Sulasto
Pendamping : Heri Nugroho,S. Sn. - Rachmad Sutekat
Editor : Sulasto
Perancang sampul : Sulasto
Penata Isi : Tri Atmaji

Cetakan pertama, Mei 2018

xi+ 59 halaman
14 x 20 cm
Diterbitkan oleh
Dinas Kebudayaan Gunungkidul, Yogyakarta.

ISINIPUN BUKU

Pepeling Bupati

Pepeling Kepala Dinas Kebudayaan Gunungkidul

Pepeling Kepala Desa Kepek

Pepeling Pangripta

Kepek Gumbregah

Bumi Kepek

Bumi Murakabi

Kabudayan

Adeging Kepek

Napak Tilas Padukuhan Ing Desa Kepek

Napak Tilas Lurah Kepek

Hamemayu Hayuning bawana

Paripurna

Sumber Lan Narasumber

PEPILING BUPATI

PEPELING KEPALA DINAS KEBUDAYAAN

PEPELING KEPALA DESA KEPEK



Assalamu'alaikum warrahmatullahi wabarakatuh

Bangsa engkang santosa sejatosipun engkang saget khormat maring sejarah leluhur, kadosdene wonten ing prekawis sederhana inggih menika demen miwiti tumindak sanajan prekawis engkang alit, kita bebrayan ing bumi kepek menopokemawon kawontenan kita kedah tumindak engkang manfaat sinaoso alit prekawisipun dene tundonipun saget dados manfaat migunani kangge generasi sak lajengipun,

Budidaya gesang kekeluargaan engkang sampun kita upayaaken kanthi guyup rukun wonten ing samukawis panggesangan wujud gotong royong kita kangge ngayuh santosaning gesang engkang ayom ayem guyup rukun sae bebrayan wonten ing keluarga, masyarakat tuen negari engkang sami andum tepo salira awit winatesing pambudidoyo lan kekiyatan.

Kepek Gumbregah saget dados saronu nggugah raos subosito trapsilaning bebrayan ing panggesangan puniko supados

tansah saget sami-sami ngrengkuh, engkang muda ngormati engkang sepuh mekaten ugi engkang sepuh menyayangi engkang muda sedoyo mlampah sareng-sareng kangge majenge Desa Kepek.

Wontenipun penyusunan buku punika taksih sifat ipun miwiti ngimpun sejarah mliginipun ing Desa Kepek saking jaman engkang kepengker, pramila sanget dipun antu-antu wontenipun panyaruh, kritik, saran saking para pihak-pihak engkang peduli kangge penyempurnaan isi buku punika

Wassalamu'alaikum warrahmatullahi wabarakatuh

Kepek, Mei 2018

Kepala Desa Kepek

Bambang Setiawan BS.

PEPILING PANGRIPTA

Assalamu'alaikum warrahmatullahi wabarakatuh

Alhamdulillah kanti munjukaken puji syukur wonten ngarsanipun Gusti Inggang Maha Agung, njih awit lumunturing sih kanugrahanipun, satemah mahanani ing bebrayan agung.

Kepek Gumbregah mujudaken semangat warga Desa Kepek inggang nggadahi pepinginan mbudidaya gesang inggang langkung sae, kawontenan inggang ayom ayem tentrem, makmur lan santosa, tebih saking sedaya rubeda, manunggal ing tekad dados Desa Kepek inggang pinunjul inggang tansah nguri-uri sejarah lan kabudayan.

Kanthi adhedasar kasunyatan bilih wekdal menika kathah warga masyarakat, maliginipun generasi mudha inggang nggirwaaken sejarah, pramila pangripta tumut urun urun pemanggih inggang kita impun saking para pinisepuh inggang nglampahi, saha inggang mangertosi ngengingi sejarah Desa Kepek. Menawi mboten sakmenika kapan maleh kita badhe miwiti, menawi mboten kita sinten maleh inggang badhe miwiti nalurekaken sejarah menika.

Buku menika mujudaken salah setunggaling sarana kagem literasi warga masyarakat. Kanti buku menika ing pangajab warga masyarakat, maliginipun warga Desa Kepek kersa maos lan

mangertosi kawontenan Desa Kepek ingkang saknyatanipun, ingkang tundanipun saget nuwuhaken raos handarbeni dumateng Bumi Kepek.

Wonten ing wekdal menika, mugni kepareng kula ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan wonten ngarsanipun Bapak Kepala Dinas Kebudayaan Gunungkidul, Bapak Kepala Bidang Sejarah, Budaya dan Sastra, Bapak Ketua Dewan Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul, Bapak Yusuf Efendi, Bapak Kepala Desa Kepek lan sedaya perangkataipun, Tim Penggali Sejarah Desa Kepek, Narasumber lan sedaya ingkang magepokan kaliah penulisan buku menika.

Minangka panutuping atur, kula nglenggana bilih buku menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila mawantu-wantu kula tansah tinarbuka hanampi panacat lan panyaruwenipun para maos, jer sadaya kala wau tumuju murih sampurnaning buku menika.

Ing Pangajab mugni-mugni buku menika wonten manfaatipun.
Wssalamu'alaikum warrahmatullahi wabarakatuh.

Kepek, Mei 2018

Tri Atmaji - Sulasto

KEPEK GUMBREGAH

“Ajining manungsa iku gumantung ana ing tanggung jawabe marang kewajibane”.

(*Mbah Marijan 2010*)

Sumiliring angin kang katiup ing sela selaning pucuk wit witan, swara manuk oceh-ocehan kang pada mabur pating sliwer, esem sarto guyub rukune warga masyarakat kang tansah njunjung dhuwur tekad manunggaling kawula kelawan Gusti, mratandhani kahanan desa ingkang gemah ripah loh jinawi lan warganipun ingkang tata titi tentrem karta raharja.

Desa kepek mujudaken salah setunggaling desa ingkang manut tata administrasi pemerintahan mlebet wonten ing wewengkon Kecamatan Wonosari, Kabupaten Gunungkidul, Daerah Istimewa Ngayogyakarta Hadiningrat.

Desa Kepek terus mbudidaya supados majeng ing sakwenehing bab ingkang tundhanipun nggayuh menapa ingkang dados tujuan pembangunan nasional, masyarakat ingkang adil lan makmur (bagya mulya).

Bagya mulya nggadahi pangertosan ingkang wiyar, sedaya lampah manungsa ingkang tundhanipun nggayuh gesang ingkang langkung sae. Bagya mulya saget ugi pun wastani kawontenan ingkang aman, makmur lan sentosa, slamet saking sedaya rubeda.

Masyarakat Kepek kang kedadosan saking mawerni werni latar belakang, sae menika agami, budaya, keturunan, pendidikan

ꦏꦺꦥꦏ꧀

lan sanes sanesipun saget lumampah kanti selaras, serasi lan seimbang jumbuh kalian potensi lan kemampuanipun, wonten ing tekad Kepek Gumbregah, Nyawiji, Greget, Sengguh tan keno mingkuh.

BUMI KEPEK

Papaning Desa Kepek

Desa Kepek secara geografis mapan ing titik ordinat 7°58'10.6" Lintang Selatan 110°35'41.6" Bujur Timur¹, kanti luas wilayah 404 ha, kapantha dados 10 Padukuhan, injih menika :

1. Padukuhan Trimulyo I
2. Padukuhan Trimulyo II
3. Padukuhan Sumbermulyo
4. Padukuhan Bansari
5. Padukuhan Tegalmulyo
6. Padukuhan Kranon
7. Padukuhan Ledoksari
8. Padukuhan Kepek I
9. Padukuhan Kepek II
10. Padukuhan Jeruk

Desa kepek mapan wonten ing saktengahing kota Kecamatan Wonosari lan Kabupaten Gunungkidul. Jarak saking punjering peprintahan :

- 1) Jarak saking punjering Peprintahan Kecamatan : 0,70 Km
- 2) Jarak saking Punjering Peprintahan Kabupaten : 0.90 Km

¹ Google map ordinat 7°58'10.6"S 110°35'41.6"E Desa Kepek Wonosari

- 3) Jarak saking Punjering Peprintahan Propinsi : 39 Km
4) Jarak saking Punjering Peprintahan Pusat : 625 Km

*" Ora kabeh seneng karo apa sing awake
dhewe lakoni ora papa, sing penting awake
dhewe duwe niat apik lan nglakoni sing bener
"*

Wates Desa Kepek

Desa Kepek ing ngiring eler batasan kalian Desa Piyaman Kecamatan Wonosari, Ngiring wetan batesan kalian Desa Wonosari, ngiring kidul batesan kalian Desa Siraman ingkang dipun watesi aliran lepen Besole saking sisih wetan mengilen saha ngiring kilen batesan kalian Desa Pulutan lan Desa Logandeng Kecamatan Playen.

Wonten ing sakwetawis papan, batas Desa Kepek kalian desa sanesipun menika wonten ingkang mboten wonten tengeripun. Ing Padukuhan Trimulyo I wonten salah setunggaling griya warga ingkang ngajeng lumebet wonten tlatah Desa Kepek, ingkang griyo wingking lumebet wonten tlatah Desa Wonosari.

Semanten ugi alun-alun Wonosari ingkang mapan wonten ngajeng Kantor Pemerintah Kabupaten Gunungkidul, sak kilenipun wit ringin ingkang ngiring wetan mengaler menika

lumbet tlatah Desa Kepek, wondene ingkang sisih wetan mlebet tlatah Desa Wonosari.



Photo.1. Peta Desa Kepek

Kawontenan Siti Desa Kepek

Desa Kepek arupi siti dataran kanthi inggil 359 m dpl, jenis siti cemeng ingkang cocok lan sae dipun tanemi tanaman keras kados jati, mahoni, akasia, sana lan klapa. Ewa semanten karena wekdal sakmenika papan dunung warga masyarakat ing wilayah Desa Kepek sampun rapet, sakwetawis tanaman keras kathah ingkang pun gantos kalian tanaman woh-wohan.

ꦏꦶꦩꦸꦫꦏꦧꦶ

Kejawi menika Desa Kepek ugi nggadhahi sumber toya (tuk) pancuran ingkang mboten nate asat ingkang sakwetawis kangge nyekapi kabetahan warga masyarakat sak kiwa tengenipun.




Photo.2. Sumber Belik Pancuran

BUMI MURAKABI

Penduduk

Miturut data Monografi Desa Kepek, wonten ing akhir tahun 2017 jumlah penduduk Desa Kepek wonten 9662 jiwa.

Jumlah Penduduk Jaler	4.787 jiwa
Jumlah Penduduk Estri	4.875 jiwa
Jumlah Total	9.662 jiwa
Jumlah Kepala Keluarga	3.164 KK



Agami lan Kapitadosan

Warga desa Kepek sedayanipun saget gesang ayom ayem tentrem sesandhingan senadyan benten benten keyakinanipun. Sakwetawis ingkang paling ageng warga Desa Kepek ngrasuk Agami Islam wonten 92,99 %. Ingkang 2,1 % kedadosan saking agami Kristen, Katholik, Hindu lan Penghayat Kepercayaan.

Papan papan pangibadahan ingkang wonten ing Desa Kepek :

1. Masjid Agung Al IKHLAS

Masjid Agung Al Ikhlas mujudaken papan pangibadahan kagem umat muslim ingkang paling ageng ing Kabupaten Gunungkidul. Tahun 1950 lajeng dipun Pugar tahun 1990

2. Masjid Nurul Huda



Photo.4. Masjid Agung Al-Ikhlas

Pawiyatan

Desa Kepek saged pun wastani Desa Pendidikan, jalaran sedaya jenjang pawiyatan wiwit saking PAUD, TK, SD, SLTP, SLTA/SMK lan Perguruan Tinggi mapanipun wonten ing Desa Kepek, kepara sekolah sekolah ingkang pun wastani Sekolah unggulan / favorit mapanipun wonten Desa Kepek. Kejawi menika lembaga lembaga pendidikan non formal ugi katah wonten ing Desa Kepek.

Mila sekolah sekolah kasebat dados jujugan para siswa saking saindhenging tlatah Gunungkidul, lan sebagian saking daerah sanesipun. Pramila penduduk kepek ugi nggadhahi tingkat pendidikan ingkang langkung inggil tinimbang papan sanes.

Wondene lembaga pendidikan formal ingkang wonten Desa Kepek :

Lembaga Pendidikan Formal (data monografi Desa tahun 2017)

Jenjang	Jumlah
Play Group/PAUD	14
TK	9
SD	6
SLTP	5
SLTA / SMK	8
Perguruan Tinggi	2

Lemabaga Pendidikan Formal Keagamaan (data monografi Desa tahun 2017)

Jenjang	Jumlah
Raudhatul Athfal	3
Ibtidaiyah	2
Tsanawiyah	3
Aliyah	2
Pondok Pesantren	4

"Aja keminter mundhak keblinger, aja cidra mundhak cilaka"

Pangupa Jiwa

Karena wilayah Desa Kepek mapanipun wonten ing tengah tengahing kutha Kecamatan Wonosari lan Kabupaten Gunungkidul, pangupajiwa penduduk kepek warni warni, inggih menika

Jenis Pangupajiwa	Jaler	Putri
Petani	109	119
Pegawai Negeri Sipil / ASN	413	351
Pedagang Barang Kelontong	14	56
TNI	15	-
POLRI	78	7
Guru Swasta	31	36
Dosen Swasta	5	1
Pedagang Keliling	7	6
Karyawan Perusahaan Swasta	570	411
Karyawan Perusahaan Pemerintah	33	20
Wiraswasta	1094	863
Purnawirawan / Pensiunan	280	119
Buruh Harian Lepas	298	96
Sopir	33	-

5. Kantor DPUR Kabupaten Gunungkidul
6. Kantor Dinas Koperasi dan UKM Gunungkidul
7. Kantor Dinas Pariwisata Kabupaten Gunungkidul
8. Kantor Dinas Sosial Kabupaten Gunungkidul
9. Kantor Dinas Tenaga Kerja dan Transmigrasi Kabupaten Gunungkidul.
10. Kantor RUPBASAN Kabupaten Gunungkidul
11. Kantor Perum Pegadaian
12. Kantor PDAM Tirta Handayani
13. Kantor Kementerian Agama Kabupaten Gunungkidul
14. Kantor Dinas DUKCAPIL Kabupaten Gunungkidul
15. Kantor Dinas Perijinan dan Penanaman Modal Kabupaten Gunungkidul
16. Kantor DP3AKBPM&D Kabupaten Gunungkidul
17. Kantor Pelayanan Pajak Pratama Wonosari

Lembaga Pemerintahan

Jumbuh kalian Undang Undang No. 6 Tahun 2014 Pemerintahan Desa Kepek dipun pimpin dening Kepala Desa, ingkang pun biyantu dening Sekretaris Desa, Kasi Pemerintahan, Kasi Kesejahteraan, Kasi Pelayanan, Kaur Tata Usaha lan Umum, , Kaur Keuangan, Kaur Perencanaan, kalian Dukuh.



Foto.5. Bagan Struktur Pemerintah Desa

KABUDAYAN

Adat Tradisi

Wiwit Tahun 1995 Desa Kepek dipun tetepaken minangka Desa Budaya dening Gubernur DIY kanti dasar Keputusan Gubernur Daerah Isimewa Yogyakarta Nomor : 325/KPTS/1995. Pramila babagan nguri-uri kabudayan, Adat saha Tradisi sanget dipun unggulaken wonten ing Desa Kepek.

Upacara Adat Rasulan utawi Bersih Desa rutin dipun wontenaken saben tahun, mendet ing dinten Setu Pahing jumbuh kalian sejarahipun Kepek. Rangkaian kegiatan wonten ing desa Kepek, pun awiti kanthi Gerakan Kerja bakti masal, sakwenehing lomba lomba kagem ngregengaken, ndedonga sesarengan kagem umat Muslim, umat Kristen lan umat Katholik, kirim dowo , kirab gunung lan kenduri Bersih Desa wonten ing Balai Desa.

ꦏꦶꦩꦶꦏꦸꦭꦸꦤ꧀

Wonten ing rasulan menika sedaya potensi kesenian saking warga dipun tampilaken sae menika tari-tarian, karawitan, kethoprak, reog lan dipun pungkasi kanthi pagelaran ringgit purwo sedalu natas / Wayangan.

Kejawi Upacara Adat Rasulan, adat sanesipun ingkang taksih lumampah lan dipun lestantunaken wonten ing Desa Kepek wonten inggih menika **Tingkepan, Selapanan, Tedhaksiten, Mantu, 7 dina, 40 dina, 100 dina, Mendhak Pisan, Mendhak Pindho lan 1000 dina**). Kagem kadang tani taksih wonten Adat Wiwit lan Methik. Lan ugi wonten Gumbregan kagem ngemong-mongi sato kewan ingon-ingon.



Photo.6. Rasulan Desa Kepek

Pusaka kang paling sekti iku dudu tombak, pedang lan keris.... Pusaka kang paling sekti yaiku dumunung ing jati diri

Kesenian

Desa Kepek menika saget pun wastani gudhangipun kesenian, sakwenahing kelompok kelompok seni ngenbang ngremboko wonten ing Desa Kepek. Menika mboten uwal sking pangesuhipun pemerintah desa, pinisepuh saha tokoh tokoh seni.

Kepara saben padukuhan ing tlatah Desa Kepek menika nggadahi kelompok kesenian rakyat unggulan ingkang sakwanci wanci sumadya dipun pentasaken. Wonten ing saben RT ingkang cacahipun 62 RT, sedayanipun nggadahi kelompok seni Toklik, ingkang wonten ing warsa 2016 lan 2017 dipun wontenaken tetandhingan mapan wonten Balai Desa Kepek ngantos dumugi plataran Kantor Kecamatan Wonosari.

Semanten ugi Group Kethoprak Marsudi Budoyo Desa Kepek sinengkuyung Group karawitan Sedyo Laras Desa Kepek, wonten ing tahun 2015 saget dados Juara I wonten ing Festifal Kethoprak antar Desa Budaya tingkat Kabupaten, saklajengipun makili Kabupaten Gunungkidul wonten ing Festifal Kethoprak antar Kabupaten ingkang dipun adani Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta wonten ing Auditorium RRI Yogyakarta ugi pikantuk Juara I.



Photo.7 Kethoprak Marsudi Budhoyo

Sakwetawis potensi Kebudayaan wonten ing Desa Kepek saget kita aturaken :

No	Padukuhan	Potensi Kesenian	Potensi Adat lan Tradisi
1.	Trimulyo I	<ul style="list-style-type: none"> - Seni Jaranan - Toklik - Bergodo Pagersari 	<ul style="list-style-type: none"> - Tingkep - Muludan - Rasulan - Boyong - Suran - Nyadran
2.	Trimulyo II	<ul style="list-style-type: none"> - Gejog Lesung - Reyog - Solawatan 	<ul style="list-style-type: none"> - Tingkep - Muludan - Rasulan

		<ul style="list-style-type: none"> - Hadroh - Toklik 	<ul style="list-style-type: none"> - Boyong - Suran - Nyadran
3.	Sumbermulyo	<ul style="list-style-type: none"> - Musik Angklung - Reyog - Toklik 	<ul style="list-style-type: none"> - Gumbreg - Tingkep - Muludan - Rasulan - Boyong - Suran
5.	Tegalmulyo	<ul style="list-style-type: none"> - Bergodo Keprajuritan - Reyog - Toklik - Ketoprak 	<ul style="list-style-type: none"> - Gumbreg - Tingkep - Muludan - Rasulan - Boyong - Suran - Nyadran
6.	Kranon	<ul style="list-style-type: none"> - Karawitan - Tari - Keroncong - Campursari - Gejok Lesung - Toklik 	<ul style="list-style-type: none"> - Gumbreg - Tingkep - Muludan - Rasulan - Boyong - Suran
7.	Ledoksari	<ul style="list-style-type: none"> - Reyog - Solawatan - Prajurit Lurik - Toklik 	<ul style="list-style-type: none"> - Gumbreg - Tingkep - Muludan - Rasulan

		<ul style="list-style-type: none"> - Solawatan - Hadroh - Badutan - Leyong/Barongsai - Gedrug - Campursari - Sanggar Wayang Kulit - Solawatan Kyai Kanjeng 	<ul style="list-style-type: none"> - Boyong - Suran - Nyadran
8.	Kepek I	<ul style="list-style-type: none"> - Bergodo Lombok Abang - Tari Bela-Belu - Toklik - Tari Topeng 	<ul style="list-style-type: none"> - Gumbreg - Tingkep - Muludan - Rasulan - Boyong - Suran - Nyadran
9.	Kepek II	<ul style="list-style-type: none"> - Bergodo Lombok Ijo / Prawirotaman - Gejok Lesung - Campursari - Toklik 	<ul style="list-style-type: none"> - Tingkep - Muludan - Rasulan - Boyong - Suran - Nyadran
10.	Jeruk Kepek	<ul style="list-style-type: none"> - Reyog Mulyo Warogo - Karawitan - Cing-cing Goling - Sanggar Tari 	<ul style="list-style-type: none"> - Gumbreg - Tingkep - Muludan - Rasulan

		- Campursari - Toklik	- Boyong - Suran - Nyadran
--	--	--------------------------	----------------------------------

Kerajinan lan Kuliner

Babagan Kerajinan lan potensi kuliner, Desa Kepek nggadhahi potensi unggulan injih menika Batik. Sakwetawis wonten kelompok kelompok pengrajin batik ingkang anggotanipun sampun pikantuk sertifikat penjamin mutu saking pemerintah. Wondene menggah mofif batik ingkang dados pratanda / ikon Desa Kepek injih menika **Batik Manding**.

Ngengingi babagan Kuliner, sedayanipun sampun priksa, bilih wonten ing Padukuhan Sumbermulyo Desa Kepek meniko dados sentra / pusat industri tahu. Wonten 18 piyantun ingkang dados pengrajin tahu, mila mboten mokal menawi 70 % kabetahan tahu wonten ing kabupaten Gunungkidul menika dipun cekapi saking tahu sumbermulyo. Pramila wonten ing tahun 2017 Sumbermulyo pikantuk tetenger minangka **Kampung Tahu**.

Kejawi tahu Sumbermulyo wekdal sakmenika kuliner ingkang nembe ngembang ngrembaka Bakpia. Wonten ing saben saben padukuhan ibu ibu nembe regeng regengipun damel Bakpia, saksampunipun pikantuk ngelmu saking pelatihan ketrampilan ingkang dipun adani dening Pemerintah Desa wonten ing akhir tahun 2017 kolo wingi.



Photo.8. Motif Batik Manding Kepek

Situs Sejarah

Ing Desa Kepek wonten setunggal situs sejarah ingkang dumugi sakmenika taksih pun lestantunaken injih punika Petilasan Kyai Legi ingkang mapan wonten ing Padukuhan Ledoksari. Wekdal-wekdal tartamtu wonten para peziarah engkang nggadhahi hajat sami tirakat wonten papan menika, kepara tiyang engkang rumaos kabul hajadipun sami gotong royong kalian warga mbangun papan petilasan Kyai Legi.

Manut cerita ingkang kita tampi saking para sesepuh ing Desa Kepek, mboten wonten ingkang mangertosi sinten sejatosipun Kyai Legi menika. Ananging dipun pitados Kyai Legi menika salah satunggaling abdi dalem Karaton Ngayogyokarto Hadiningrat ingkang wekdal semanten ngayahi jejibahan mendet **Rojo Keputren** utawi ageman pinanganten wonten ing tlatah Gunungkidul.

Wonten ing tengahing margi ing tlatah kang aran Thok Ding, (sakmenika Padukuhan Ledoksari) abdi dalem menika dipun begal dening para brandhal ngantos dumugining pejah.

ꦏꦶꦭꦶꦏꦸꦭꦸꦩꦩꦶꦁ

Jasadipun di rukti lan dipun sarekaken dening warga masyarakat sak kiwa tengening papan menika. Lan kagem pengeling eling kedadosan menika sakrehning dintenipun pasaran Legi, pramila dipun paringi tenger **Kyai Legi**.



Photo.9 Petilasan Kyai Legi

ADEGING KEPEK

“Suro diro Jayaningrat, lebur dening pangastuti”

(Ronggowarsito, 1802-1873).

Adeging Desa Kepek estunipun katah pemanggih ingkang sedaya gadhah landesan piyambak piyambak. Salah setunggalipun nyariosaken wonten ing jaman rumiyin, salah setunggalipun wali injih menika Kanjeng Sunan Kalijaga, badhe nglajengaken lampah wonten ing papan ingkang kagem nglempak para sodagar/bakul wonten ing tlatah Jawi sisih tengah kanti tujuan bade nyebaraken ajaran Agami Islam.

Wonten saktengahing margi panjenenganipun Kanjeng Sunan Kalijaga rumaos sayah lan leren wonten ing papan kang katah wit witan. Elocking kawontenan wit-witan kala wau sedayanipun nembe ketingal enom-enom utawi tasih kepek. Sarehning wit-witan kala wau dereng pun mangertosi naminipun, panjenenganipun mastani bilih menika **Wit Kepek**³

Kangge mengeti kedadosan kasebat, panjenenganipun paring dawuh dumateng putra muridipun supados babat alas wonten ing papan kasebat lan dipun paringi tetenger **Kepek**.

Ewa semanten, wekdal sakmenika Wit Kepek sampun awis kita panggih, kepara wonten ing Desa Kepek kanton wonten

³ Sakwetawis wonten ingkang nyariosaken bilih kepek meniko araniipun woh manding ingkang taksih enom .

ꦏꦶꦩꦶꦏꦸꦭꦸꦩꦸꦁ

setunggal wit⁴, jalaran Desa Kepek ingkang rumiyen alas wegda sakmenika samun dados kota.



Foto.10. Wit Kepek

Wit Kepek saget pun wastani jenis taneman keras. Jalaran witipun saget ageng lan saget gesang kanti wekdal ingkang

⁴ Wegda sakmeniko wit kepek saget kita panggih wonten ing Padukuhan Trimulyo II Desa Kepek.

sepuhi dening Bapak Muhamad Dasuki piyambak kabiyantu kadang anemipun Bapak Suharjo lan Bapak Mangunsuwito. Kepara saksampunipun rampit anggenipun mbongkar, panjenenganipun Bapak Suharjo yasa dalem lan lenggah wonten ing papan menika.

Nalika bongkar wit ringin wau, wonten kedadeyan menawi dipun nalar mboten bade gathuk. Narapidana ingkang makarya wau ngalami kedadosan ingkang nyleneh, awit engkang tiga, tutuk utawi cangkemipun dados menceng, lajeng engkang setunggal lumpuh utawi mboten saget ngadek lan ingkang setunggal malih menika noleh terus utawi tengeng. Ewa semanten mboten wonten kurban jiwa lan sedayanipun saget wilujeng.

Wondene Kyai Irondoko mukswa tenggo masjid lami ing Kepek, ingkang ngantos dumugi sepriki taksih dipun yakini wargo masyarakat.

Miturut pangandikanipun Bapak Harsono kalian Bapak Libani (wayah Demang Mangun Wedono Nglipar) tata peperentahan ing Kepek kawiwitan nalika ing dinten **Setu Pahing wulan Agustus tahun 1909**, kanti tetenger jumenengipun **Lurah Kapisan Desa Kepek Ki. R. Driyo Sentono**. Saksampunipun kita lacak dinten **setu pahing wulan Agustus 1909** meniko kanyoto tanggal 7. Pramila Tanggal **7 Agustus 1909** katetepaken dados **Hari Jadi Desa Kepek**.

NAPAK TILAS PADUKUHAN ING DESA KEPEK

Secara tata administrasi peprentahan, wekdal menika Desa Kepek wonten 10 Padukuhan. Ewa semanten mula bukanipun Desa Kepek menika namung wonten 7 Padukuhan, injih punika

1. Padukuhan Gupakan
2. Padukuhan Karangkuang
3. Padukuhan Cangkring
4. Padukuhan Ngalasombo
5. Padukuhan Kranon
6. Padukuhan Kepek Lor Nдалan
7. Padukuhan Kepek Kidul Nдалan

Sakwetawis lampahing peprentahan ing Desa Kepek wonten ewah ewahan cacah saha naminipun padukuhan, jalaran wonten bab bab ingkang menawi dipun nalar mboten kepanggih, ewa semanten saestu kedadosan menika kalampah.

Ing Karangkuang wonten Resan ingkang ngandapipun wonten tuk/sumber toya inkang mboten nate asat saben tahunipun, ing Ngalasombo wonten Krapyak/Resan lan ing Kepek wonten wit Ringin kalian Low ingkang jejer, dipun pitados papan kagem mukswa Kyai Kabuk.

Gantosing nami padukuhan ugi wonten sambung rapetipun kalian bab menika.

1. Padukuhan Gupakan dados Trimulyo

Wekdal semanten Padukuhan Gupakan kalebet papan ingkang sakalangkung angker utawi gawat. Jalaran ing Padukuhan Gupakan menika wonten **Gupak Warak**⁵, **Sumur Kawak**⁶ lan ugi Pasar Kawak ingkang rumiyin pun wastani Becekan minangka cikal bakalipun pasar Seneng lan sakmenika dados Pasar Argosari Wonosari.

Sarehning papan menika angker, mboten saben tiyang kiat manggen wonten ing Gupakan. Nalikaning peprentahan Ki Lurah Mangun Winoto, Padukuhan Gupakan dipun gantos nami dados Trimulyo, lan karana wilayahipun wiyar mila dipun bagi, ingkang ler margi Trimulyo I lan ingkang kidul margi Trimulyo II.

2. Padukuhan Cangkring dados Bansari

Dipun wastani Padukuhan Cangkring karena wekdal semanten kathah wit Cangkring ingkang gesang subur wonten ing papan menika. Wit Cangkring nggadahi khasiat saget kagem jampi lan ngusadani tiyang ingkang gerah cangkrang.

⁵ Rumiyan papan kagem kungkum kewan warak, ingkang dipun pitados warak menika wujudipun kados dene badak, nanging kagolong kewan kajiman.

⁶ Sumur ingkang dipun pitados wargo sumur damelanipun poro wali.

Wit Cangkring saget ageng lan godongipun ngrembuyuk, jumbuh kalian kedadanganipun para pinisepuh supados saget ngayomi sedaya warga padukuhan. Ewa semanten wit cangkring menika kathah erinipun ingkng landep ingkang sakwanci wanci saget natoni warga ing sakcelakipun, pramila para pinisepuh ugi kuwatos menawi Padukuhan Cangkring sakmangke kathah bebaya lan pacoban. Mila lajeng nami Padukuhan Cangkring pun gantos Padukuhan Bansari.

3. Padukuhan Kepek

Babagan nami Padukuhan Kepek mboten pun gantos, nanging wonten ing tahun 1967 Dusun kepek ingkang kidul margi menika dados Padukuhan Kepek I, ingkangDusun Kepek ler margi dados Padukuhan Kepek II. Ing saklajengipun Padukuhan Kepek II pun pecah dados **Padukuhan Kepek II lan Padukuhan Jeruk.**

4. Padukuhan Karangkuang dados Sumbermulyo.

Lampahing peprentahan wonten ing Padukuhan Karangkuang kirang ngremenaken. Sakwetawis kathah musibah, wargo masyarakat sami pasulayan. Kepara wonten 4 warga ingkang pejah karena nggantung.

Saking pirembakan para tokoh masyarakat wekdal semanten, sarujuk Padukuhan Karangkuang bade pun ruwat kalian pun gantos nami. Sakwetawis usulan nami ingkang wonten ; Sumberrejo, Sumbermulyo lan Pancursari. Sedaya pemanggih babagan nami meniko punjeripun wonten ing Belik utawi Sumber toyo Pancuran, ingkang kathah dipun manfaataken dening warga masyarakat.

Saking pirembakan tokoh masyarakat kasebat, dipun sarujuki nami ingkang pun pilih Sumbermulyo, lan dipun tetepaken nalika tanggal 14 Juni 1977, kanti ruwwatan dening Ki Dalang Cermodisono, pun lajengaken ndalunipun ringgit purwa sedalu natas dening dalang Ki Hadi Sugito mapan wonten ndalemipun Bapak Ciptowidarso.

5. Padukuhan Ngalasombo dados Tegalmulyo

Sakwetawis wonten pemanggih ingkang ngendikaaken bilih tlatah kepek ingkang paling sepuh menika Ngalasombo. Kepara tata peprentahan sakderengipun Kalurahan / Desa Kepek menika mapan wonten ing Ngalasombo.

Dene jaman soyo majeng penduduk ugi soyo regeng milo kanthi nderek ewah-ewahan ribahing nami padukuhan

1. R. Driyo Sentono (1909 - mboten cetho)

R. Driyo Sentono kaleres putranipun Ki Sonto Diryo (Demang Karangasem Bedoyo), wayahipun R. Demang Mangun Wedono saking Nglipar, katetepaken dados Lurah Kepek ingkang Kapisan wiwit adeging Desa Kepek 7 Agustus 1909.

Nalikaning ngasto Lurah wonten ing Desa Kepek, Ki Lurah R.Driyo Sentono kabiantu dening :

- 1) Kamituo Ngalasombo
- 2) Kamituo Karangkuang
- 3) Kamituo Kepek
- 4) Kamituo Gupaan
- 5) Kamituo Cangkring
- 6) Jogo Boyo

Purnanipun peprentahan Ki Lurah R. Driyo Sentono dereng wonten katerangan ingkang gumathok.



Foto 11. Pesarean Ki Lurah R. Driyo Sentono wonten ing Makam Trimulyo I

2. Kromowidjojo (mboten cetho - 1918)

Mboten wonten katerangan ingkang gumathok babagan peprentahan Ki Lurah Kromowidjojo.

3. Suro Setomo (1918 - 1941)

Suro Setomo katetepaken dados lurah wonten ing Desa Kepek tanggal 6 Januari 1918, kanti dasar Serat Kekancanganipun Kanjeng Pangeran Ario Adipati Danoeredjo No. 262 / 1 Tahun 1918.

Miturut pangandikan Bapak R. Sukisno, (Jumat, 16 Pebruari 2018), kaleres wayahipun Ki Lurah Suro Setomo nyariosaken bilih wekdal wedal tartamtu Ki Lurah Suro Setomo tindak pisowanan wonten karaton Ngayogyokarto Hadiningrat.

“simbah rumiyin meniko nak, saben saben taksih asring pisowanan wonten karaton Ngayogyokarto Hadiningrat, kalebet simbah R. Driyo Sentono lan Simbah Kromowidjojo”

Nalika wekdal semanten lampahing peprentahan ing Desa Kepek saking dalemipun Ki Lurah Suro Setomo ing Gupakan, jalaran dereng wonten Balai Desa.



Foto 12. Pesarean Kyai Lurah Suro Setomo wonten ing Makam Trimulyo I

“Kadang mripat iso salah ndelok, kuping iso salah krungu, lambe iso salah ngomong, nanging ati ora iso bakal diapusi”

Lurah Inkgang dipun pilih perwakilan partai politik

4. Sastro Hartoyo (1941 - 1953)



Foto 13. Bapak Sastro Hartoyo

Sastro Hartoyo Lurah Desa Kepek nalikaning jaman perang Kemerdekaan ngantos sakbibaripun Kemerdekaan. Wekdal semanten panjenenganipun saget pun wastani gesang secara gerilya, jalaran kathah para Lurah ingkang dipun padosi tentara Jepang.

Kepara anggenipun ndelik ngantos dumugi ing tlatah Semanu. Salah setunggaling catetan sejarah miturut Bapak Mugi (Rabu, 14 Maret 2018), bilih dalemipun Bapak Sastro Hartoyo

ingkang mapan wonten ing Jeruk sak kilen Rumah Sakit Umum Wonosari, dipun ginaaken kagem Radio Penyiaran RRI.

Ewa semanten mboten dangu, jalaran konangan tentara Jepang, lajeng Siaran Radio Komunikasi dipun pindah dateng Playen, ingkang sakmeniko pun paringi tetenger minangka Monumen Radio Playen.

Sakwetawis gesang pindah pindah papan, saklajengipun Bapak Sastro Hartoyo pilih ngunduraken diri saking jabatan Lurah Desa Kepek.

5. Mangun Winata (1953 - 1967)



Foto 14. **Bapak Mangun Winata**

Mangun Winata secara garis keturunan Ki Lurah Suro Setomo putra ingkang nomer 2 lan wayahipun ki Lurah Driyo Sentono.

Panjenenganipun ngasto peprentahan wonten Kepek nalika kawontenan paling rekaos.



Foto 19. Balai Desa Kepek

Lurah ingkang dipun pilih warga secara langsung :

8. H. Prajoga (1988 - 2007)



Foto.20. Bapak H Prajoga

Bapak H. Prajoga mujudaken Lurah Desa Kepek ingkang sepisan, ingkang dipun pilih secara langsung warga masyarakat. Tata cara pemilihanipun taksih ngginaaken tanda gambar hasil bumi.

9. Bambang Setiawan BS. (2007 -)



Foto 22. Bapak Bambang Setiawan Budi Santoso

Jumbuh kaliaan sampun dipun sahaken Undang Undang Nomor 06 Tahun 2014, sebutan Lurah dipun ewahi dados Kepala Desa. Bapak Bambang Setiawan Budi Santoso mujudaken Lurah utawi Kepala Desa Kepek ingkang nomor 9.

Bapak Bambang Setiawan Budi Satoso dipun lantik minangka Kepala Desa Kepek, saksampunipun unggul wonten ing pemilihan kepala desa secara langsung. Pemilihan mboten ngginaaken tanda gambar hasil bumi malih, nanging kanti ngginaaken gamabar utawi foto saking calon kasebat.

Bapak Bambang Setiawan Budi Satoso dipun lantik Kepala Desa Kepek tanggal 27 Nopember 2007 ngantos dumugi tahun 2018, Bapak Bambang Setiyawan Budi Satoso sampun 2 periode minangka Kepala Desa Kepek. Kepara periode ingkang kaping kalih menika mboten nggadahi mengsah wonten ing pemilihan, utawi mengsah kotak kosong.

Sampah 3 R (Reduce Reuse Recycle)⁷ kanti bentuk KSM Amrih Lestari 1, lan Kelompok Amrih Lestari 2 ingkang sakperangan saget ngrampitaken babagan sampah, ingkang sakwetawis dados masalah sakmenika ndadosaken berkah. Kepara KSM Amrih Lestari 1 asring kangge jujugan pasinaon babagan sampah saking saindenging tlatah Indonesia. Kejawi menika nangani babagan limbah dipun bangun SANIMAS (Sanitasi Berbasis Masyarakat) wonten ing saben-saben Padukuhan lan ugi IPAL (Instalasi Pengolahan Air Limbah)

Wonten ing babagan seni lan Kabudayan, ngadani wontenipun lagu mars Kepek Gumbregah anggitanipun Bapak Boiman,S.Pd. ugi wontenipun group paduan suara “ Gita Loka Nada “ Ibu-Ibu PKK Desa Kepek, ingkang sakwetawis wonten ing lomba tingkat Kabupaten Gunungkidul pikantuk Juara I, lan wonten ing tingkat Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta pikantuk Juara II. Kejawi menika ugi ngadani adeging Perpustakaan Desa ingkang dipun paringi tenger Gardu Pintar ing Padukuhan Bansari lan Tegalmulyo

Wonten ing Paguyuban Kepala Desa se Gunungkidul ugi pinitados minangka Ketua Paguyuban “ SEMAR “ Gunungkidul ngantos 2 periode.

⁷ Reduce artosipun ngirangi bab-bab engkang saget nuwuhaken sampah; Reuse artosipun ngginaaken malih barang sampah engkang saget dipun manfangataken; Recycle artosipun manfangataken/ngginaaken barang sampah kanthi ngribah wujud sanesipun ngantos saget nggadahi nilai ekonomi/ dados tambahan wulu wetu.

Prestasi Desa Kepek sanesipun :

1. Tahun 2009 Desa Kepek pikantuk Juara III wonten ing Perlombaan Desa Tingkat Nasional,
2. Tahun 2011, 2013, 2014 pikantuk juara minangka Pos Kamling terbaik Tingkat Propinsi DIY ingkang dipun wakili Pos Kamling Tegalmulyo lan Pos Kamling Jeruk.
3. Tahun 2014 pikantuk Juara I Festifal Kethoprak Tingkat Propinsi DIY, ingkang dipun adani Dinas Kebudayaan DIY.
4. Tahun 2015 pikantuk Juara I Lomba Kampung Hijau Tingkat Propinsi DIY, ingkang dipun adani Dinas Lingkungan Hidup DIY.
5. KSM Amrih Lestari1 pikantuk penghargaan Gold Standard Issuance Certificate saking Genewa Switzerland
6. Tahun 2017 Desa Kepek pikantuk Juara I lomba Desa Binaan Keluarga Sakinah (DBKS) tingkat Propinsi DIY

HAMEMAYU HAYUNING BAWANA

“Ojo ketungkul marang kalungguhan kadonyan lan kemareman” (Sunan Kalijaga)

Jumbuh kalian carios adeding Desa Kepek, ingkang kadadosan saking papan ingkang kathah wit ingkang sedayanipun taksih enem utawi “Kepek” menawi kita onceki lan kita gathukaken wonten ing wekdal sakmenika saget kita aturaken :

Sakwetawis wit kepek ingkang saget ageng, gesang wonten sadengah papan, ing pangajab Desa Kepek sageto dados desa ingkang pinunjul wonten ing sakwenehing bab lan sedaya warga masyarakatipun saget gesang wonten papan pundi kemawon lan kawontenan ingkang kados menopo kemawon. Wosipun wargo wasyarakat Desa Kepek menika luwes, saget empan nggon papan.

Wit kepek ingkang sedayanipun wiwit saking oyot ngantos pupusipun saget dipun manfaataken, menawi kita cakkaen wonten ing gesang menika, Pemerintah Desa lan sedoyo warga masyarakat Desa Kepek menika kedah migunani tumrapping liyan.

Nami Kepek menika menawi kita waos, saking ngajeng utawi saking wingking tetep sami “KEPEK”. Menika mratandaaken bilih bumi kepek mapanipun wonten ing saktengah tengahing kutho Kecamatan Wonosari, ugi kutho Kabupaten Gunungkidul. Menika saget ugi nggambaraken bilih Pemerintah Desa Kepek lan sedaya warga masyarakatipun menika tansah mlampah menopo wontenipun, mboten wonten ingkang dipun

tutup-tutupi. Saking ngajeng kaliyan saking wingking sami, mboten wonten bedanipun.

KEPEK WEKDAL SAKMENIKA

Desa Kepek ingkang sakwetawis nggadahi manekawarna potensi saha SDM ingkang mumpuni, sae menika potensi pendidikan, potensi sosial kemasyarakatan, potensi ekonomi produktif saha potensi budaya sakwetawis ndadosaken Desa Kepek minangka pathokan kagem desa-desa sanesipun, mboten namung wonten ing tlatah Gunungkidul nanging saking saindenging tlatah Nuswantara.

Estunipun awrat tumrap Desa Kepek, jalaran tantangan saklajengipun langkung ageng. Pengaruh tekhnologi informasi saha kebebasan ngaturaken pemangguh nggadahi pengaruh ingkang ageng tumrap warga masyarakat, langkung-langkung generasi muda.

Kemajengan tekhnologi inkang cepet menawi mboten dipun imbangi kalian sumber daya manusia ingkang mumpuni saha pola pikir ingkang sae saget ndadosaken manungsa lumebet wonten ing jurang kasangsaran.

Tekhnologi saget pun umpamekaken gegaman ingkang landhep. Menawi pun ginaaken kanthi sae lan leres saget nuwuhaken manfaat ingkang ageng, ewa semanten menawi cakanipun mboten leres saget ndadosaken bebaya kagem warga masyarakat.

Ewa semanten Pemerintah Desa Kepek ingkang dipun sengkuyung sedaya warga masyarakat sampun manunggal ing

Sedaya potensi menika mboten saget lumampah piyambak-piyambak, ananging kedah sesarengan, jalaran wonten gandeng cenengipun antwis setunggal lan setunggalipun. Kajawi potensi ingkang sampun siaga, wonten bab-bab sanes ingkang ndadosaken pepalang menawi mboten enggal pun wudari saget dados bebaya kagem kemajenganipun Desa Kepek.

Sakwetawis bab ingkang dados pepalang tumrap Desa Kepek :

1. Sakperangan kathah warga Kepek ingkang nembe sinau wonten pawiyatan luhur wonten ing papan sanes, saengga kirang anggenipun paring panyaruwe tumrap kemajengan Desa Kepek. Sakperangan maleh masyarakat ingkang nggadahi potensi kagem kemajengan Desa Kepek, kapekso kedah pindah saking bumi Kepek, jalaran netepi anggenipun pados pangupo jiwo .
2. Sakperangan taksih wonten warga masyarakat Desa Kepek ingkang kirang nggadahi raos handarbeni bumi Kepek. Menika saget katitik kanti piyambakipun langkung remen, bombong soho mongkog penggalhipun menawi ngginaaken barang-barang damelan papan sanes, langkung-langkung damelan manca negari, kamongko ingkang damelan asli Kepek kemawon wonten.

Umpaminipun babagan sandang, Kepek menika nggadahi prodak Batik ingkang sae, ewa semanten dereng kathah warga ingkang ngginaaken batik damelan Kepek. Umumipun langkung remen ngagem ageman sanes ingkang kirang pantes kalian budaya kita. Wonten ing babagan belanja, langkung remen menawi blanja wonten ing pasar-pasar moderen,

Saking sakwetawis pepalang ingkang kita aturaken menika, saestu dados tanggél jawabipun pemerintah desa supados saget nggathukaken kalian potensi potensi ingkang sampun wonten. Mbokbilih ingkang saget pun lampahi pemerintah desa kalian wargo masyarakat:

Sedaya warga masyarakat sae menika pamong desa, tokoh masyarakat, tokoh agama, tokoh pendidikan lan tokoh budaya kedah manunggal ing tekat, golong gilig mbudidaya murih kemajenganing Desa Kepek.

Nuwuhaken raos handarbeni, kanti sarana ngrumaketaken silaturahmi kanggé mujudaken menapa ingkang dados idam-idamanipun warga masyarakat, injih menika Desa Kepek ingkang pinunjul.

Kanggé nuwuhaken raos handarbeni dumateng Desa Kepek, pramila kedah wonten kempalan / paguyuban kanggé wargo masyarakat ingkang mboten lenggah wonten ing bumi Kepek, karana netepi kewajibanipun sae menika ingkang pados ilmu ing pawiyatan luhur papan sanes, lan ugi warga ingkang pados pangupa jiwa wonten ing papan sanes.

Kanti sarana paguyuban menika, piyambakipun saget paring panyaruhe, paring gagasan-gagasan kanggé kemajenganing Desa Kepek.

Kemajengan ilmu lan tekhnologi wekdal sakmenika kedah dipun manfaataken sak sae-saenipun. Informasi menapa kemawon tumrap Desa Kepek kedah dipun biwaraaken dumateng masyarakat.

ꦏꦶꦁꦠꦶꦁꦒꦺꦏꦺꦏꦸꦁꦒꦸꦩꦧꦫꦁ

Kanti kegiatan Gelar Potensi Budaya, kita saget ngenalaken potensi ingkang wonten ing Desa Kepek, sae menika adat, tradisi, kesenian, kerajinan saha jajanan tradisional.

Kanti Festifal Dolanan Anak kita saget ngenalaken dolanan ingkang kebak pitutur dumateng putra wayah kita, ingkang sakwetawis sampun nggathok dolanan-dolanan moderen awit saking kemajenganning tekhnologi.

*"Sepira gedhene sengsara yen
tinampa amung dadi coba"*

PARIPURNA

Sedaya gegayuhan ingkang luhur kangge Desa Kepek, mboten perkawis ingkang gampil. Sedayanipun mbetahaken pangurbanan ingkang ageng, sae menika penggalihan, wekdal, tenaga saha bandha. Pemerintah Desa Kepek, sinengkuyung sedaya warga masyarakat sampun manunggal ing tekad, nggayuh menapa ingkang dados kedadanganipun, injih menika gesang ingkang langkung sae, kawontenan ingkang aman, makmur lan sentosa, slamet saking sedaya rubeda.

Kanthi hasesanti :

HAEMAYU HAYUNING BAWONO

RAWE -RAWE RANTAS.....

MALANG-MALANG PUTHUNG.

KEPEK GUMBREGAH

"Urip iku terus mlaku, bebarengan karo wektu, sing bisa gawa lakumu supaya apik"

DAFTAR PUSTAKA

Catatan Harian, **Bapak Libani**, Tegalsari wonosari, trah Ki Demang Mangun Wedana Nglipar

Carios Babat Alas Wonosari ingkang dipun aturaken Bapak Dasuki Cipto Hadiatmojo wonten ing Cerita Rakyat Gunungkidul seri-36 Dinten Kamis Legi malem Jumat Pahing, tanggal 21 Desember 2000,

Serat Kekancanganipun Kanjeng Pangeran Ario Adipati Danoeredjo No. 262 / 1 Tahun 19018.

Monografi Desa Kepek Tahun 2017

Narasumber

1. R. Sukisno, wayah R. Suro Setomo, Lurah Kepek kaping-3.
2. R. Sumarno, wayah R. Suro Setomo, Lurah Kepek kaping 3.
3. Suharyanto, Putra kaping-5 Mangun Winata, Lurah Kepek kaping-5.
4. ST. Nugroho Joko Sulisty, putra S. Hadi Sudarmo, Lurah Kepek kaping-6
5. H. Prayogo, Lurah Kepek kaping-8.
6. Mugiyono cucu Sastro Hartoyo Lurah Kepek kaping-4
7. CB. Supriyanto, Ketua Dewan Kebudayaan Gunungkidul.
8. Warno Sentono, Tokoh masyarakat / Mantan Kaum.
9. H. Ngadino, Tokoh Masyarakat.
10. Karyono, Tokoh masyarakat / Sesepuh ing Desa Kepek.

කිංකර්ම

